

## BAB III

### METODEU PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Data jeung Sumber Data Panalungtikan


Data ieu panalungtikan nyaéta ragam basa Sunda lisan siswa kelas XI IPA jeung kelas IPS SMAN I Cibungbulang.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil rékaman ragam basa Sunda lisan, dina situasi nonformal siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang taun ajar 2016-2017.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyoko kana galur panalungtikan nu ngawengku studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, ngolah data, jeung satuluyna hasil data dilaporkeun dina eusi panalungtikan. Desain ieu panalungtikan bisa katitén dina gambar di handap.

**Tabél 3.1 Desain Panalungtikan**



Métode mangrupa hiji stratégi atawa tarékah, atawa cara nu sipatna sistematis pikeun nyangkem réalitas nu kapanggih dina panalungtikan (Ratna, 2003. kc. 14). Tujuan métode panalungtikan nyaéta, pikeun méré gambaran ngeunaan prak-prakan panalungtikan nu bakal dilaksanakeun (Soekanto, 2004. kc. 14). Hartina, métode mangrupa hiji cara pikeun maham objék nu jadi sasaran

dina panalungtikan jeung pikeun meunangkeun fakta tina panalungtikan nu digarap.

Sacara umum, ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. Pamarekan kualitatif ieu dipaké pikeun nganalisis ragam basa Sunda lisan siswa kelas XI dina ulikan léksikal, morfologis, campur kode, jeung faktor-faktor nu ngalantarankeun ayana campur kode. Pamarekan kualitatif dipaké dina ieu panalungtikan lantaran sifat kualitatif anu leuwih subjéktif.

Saperti anu ditétélakeun ku Sugiyono (2009, kc. 13) karakteristik kualitatif aya lima, nyaéta: (1) dilakukeun sacara alamiah, (2) sifatna déskriptif (datana diwangun ku kecap-kecap atawa gambar, nu teu ngawajibkeun angka, (3) leuwih ngutamakeun kana prosés daripada produk (hasil), (4) sifat nganalisisna induktif, jeung (5) leuwih mentingkeun harti atawa ma'na tina panalungtikan (data nu aya di luar panalungtikan).

Tujuan panalungtikan kualitatif nyaéta néangan bebeneran tina hiji data sacara subjéktif. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif pikeun ngagambarkeun tur ngajéntrékeun naon-naon bebeneran nu aya dina panalungtikan. Nurutkeun Suyanto (2006, kc. 80) aya opat léngkah dina métode déskriptif kualitatif, nya éta: (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan.

Dumasar kana hal-hal di luhur, ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif nu ngagunakeun *purposive sampling*, ku cara nagtukeun 16 urang siswa ti kelas XI IPA jeung IPS nu dijadikeun sampel panalungtikan.

Hal-hal anu rék didéskrripsikeun nyaéta; (1) unsur léksikal dina kecap ragam lisan, nu mangrupa kecap panyeluk, panambah, jeung pananya, (2) adegan morfologis, nu mangrupa kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, kecap wacahan, (3) campur kode, jeung (4) faktor-faktor nu ngalantarankeun ayana campur kode.

### 3.3 Wangenan Operasional

Pikeun napsirkeun nu maca, di handap ieu dijéntrékeun kalawan écés ngeunaan wangenan operasional dina ieu panalungtikan.

#### a. Ragam Basa

Ragam basa téh bisa disawang ti jihat nu makéna, nu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna; bisa tina jihat makéna anu nyoko kana jejer omongan, sarana, jeung sipat pasosokna (Sudaryat, 2013. Kc. 3).

#### b. Ragam Basa Lisan

Ragam basa lisan nyaéta, ragam basa nu maké pakakas lisan, biasana kawilang gumantungna kana situasai, waktu, lingkungan, katut jalma nu diajak nyarita. Basa lisan bisa lumangsung pateuteup, ngaliwatan radio, televisi, telepon, jst (Sudaryat, 2010. kc. 125).

#### c. Léksikal

Ragam basa lisan nyoko kana unsur léksikal nu mangrupa kecap pancén, utamana mah kecap panyeluk nyaéta kecap pancén nu gunana pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyaturna, kecap pananya, jeung kecap panambah. Nurutkeun Djajasudarma (2010. Kc. 16) harti léksikal (basa Inggris: *lexical meaning, semantic meaning, external meaning*) nyaéta harti unsur-unsur basa nu mangaruhan lambing barang, kajadian, jeung sajabana. Harti léksikal nu miboga unsur-unsur basa sacara mandiri, henteu madoman kana kontéks.

#### d. Morfologis

Morfologis nyaéta bagian tina tata basa nu maluruh jeung medar morfém katut prosésna dina ngawangun kecap, sarta pangaruhna kana robahna warna jeung harti kecap. Morfologi maluruh jeung medar morfém katut kecap (Sudaryat, 2010. kc. 38).

#### e. Campur Kode

Campur kode nyaéta hiji kaayaan mun hiji jalma nyampurkeun dua basa atawa leuwih kalawan teu aya maksud nanaon dina ngagunakeun éta basa. Hal ieu biasana dilakukeunana dina situasi teu resmi atawa dumasar kana kabiasaan nu nyarita (Nababan, 1991: 32).

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta alat rékam, angkét, jeung kartu data.

#### 3.4.1 Alat Rékam

Alat rékam dina ieu panalungtikan ngagunakeun handphone dipaké pikeun ngarékam sacara jentré obrolan ragam basa Sunda lisan nu digunakeun ku siswa kelas XI SMAN 1 Cibungbulang Kecamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor.

#### 3.4.2 Angkét

Angkét data digunakeun pikeun ngaguar data anu luyu jeung kasang tukang panalungtikan. Angkét data nu digunakeun, nyaéta wangun basa Indonésia, nu ngabogaan fungsi pikeun ngumpulkeun data nu paling poko nu aya di lapangan atawa objék panalungtikan. Jumlah siswa atawa data nu ditalungtik nyaéta 16 urang, ti kelas XI IPA jeung XI IPS siswa SMAN I Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor.

#### Tabél 3.2 Angkét Data Latar Makéna Basa Sunda

Nama :

Kelas :

Petunjuk:

1. Jawablah pertanyaan angkét dengan jujur, dengan memberi tanda silang (X) di depan jawaban yang Anda pilih!
  2. Jawaban Anda tidak ada kaitannya dengan nilai mata pelajaran!
1. Apakah Anda bisa menggunakan bahasa Sunda?
    - a. Bisa
    - b. Tidak bisa
    - c. Tidak lancar
    - d. Bisa tetapi kurang fasih

2. Berasal dari daerah mana ayah Anda?
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Betawi
  - d. Daerah lainnya
3. Berasal dari mana ibu Anda?
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Betawi
  - d. Daerah lainnya
4. Bahasa yang Anda gunakan di lingkungan keluarga, adalah...
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Indonesia
  - d. Campuran
5. Bahasa yang digunakan di lingkungan sekolah, adalah...
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Indonesia
  - d. Campuran
6. Bahasa yang digunakan di lingkungan masyarakat, adalah...
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Indonesia
  - d. Campuran
7. Bahasa yang digunakan ketika Anda berkomunikasi dengan teman Anda, adalah...
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Indonesia
  - d. Campuran

8. Anda tinggal di lingkungan penduduk yang mayoritas berasal dari suku...
  - a. Jawa
  - b. Sunda
  - c. Betawi
  - d. Campuran
9. Pemakaian dua bahasa atau lebih dengan saling memasukkan unsur-unsur bahasa yang satu ke dalam bahasa yang lain secara konsisten, disebut campur kode. Apakah dalam berkomunikasi Anda pernah melakukan campur kode?
  - a. sering
  - b. pernah
  - c. tidak pernah
  - d. kadang-kadang
10. Ketika Anda berkomunikasi dengan teman, mungkin Anda sering menggunakan campur kode antara bahasa Sunda dengan bahasa Indonesia, atau dengan bahasa asing. Menurut Anda hal yang mendorong untuk melakukan campur kode tersebut, adalah...
  - a. ingin terlihat modern
  - b. hanya ingin bergengsi
  - c. sulit untuk mendapatkan padanan katanya
  - d. ingin terlihat sebagai orang yang berpendidikan

### 3.4.3 Kartu Data

Pikeun nganalisis ragam basa Sunda lisan nu digunakeun ku siswa kelas XI SMAN 1 Cibungbulang Kecamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor.

Kartu data eusina ngawengku (1) data kecap basa Sunda ragam lisan, (2) kode kalimah, (3) kode panyatur, jeung (4) runtuyan kecap dina kalimah.

#### Format Kartu Data

Vira: "Eh poé Senén isukan pan libur, urang ulin yu!" (K1/V)	
Kecap: éh	(K1/V/1)
pan	(K1/V/2)
yu	(K1/V/3)
Wangun kecap:	kecap salancar
Pola engang	: KV, VKV, KV

### Format Adegan Morfologis

No	Data Kecap	Prosés Morfologis				Kat
		K.Rundayan	K.Rajékan	K.Kantétan	K. Wacahan	

### Format Data Campur Kode

No	Kecap Campur Kode	Data Kecap	Asal Basa					
			Indonesia	Inggris	Arab	Betawi	Jawa	Slang

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Langacker dina Sudaryat (2013, kc. 57) data basa téh bisa dikumpulkeun ku rupa-rupa téhnik, kayaning téhnik téks, obsérvasi, intuisi, jeung élisitasi. Hal anu sarua ditepikeun ku Labov dina Sudaryat (2013, kc.57).

Dina ieu panalungtikan, anu baris digunakeun téh, nyaéta:

#### 1) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi dipaké lamun rék niténan paripolah panyatur dina makéna basa. Ieu téhnik dipaké ku cara niténan makéna basa para panyatur, boh dirékam, boh dicatet (Sudaryat, 2013, kc. 57).

#### 2) Téhnik Angkét

Nu nulis nyebarkeun angkét ka para siswa nu dijadikeun sampel panalungtikan, pikeun mikanyaho faktor-faktor nu mangaruhan ayana campur kode.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké dina ngolah data, nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkah ngolah data saperti ieu di handap:

- a. Mariksa jeung niténan deui data nu geus dikumpulkeun.
- b. Ngayakeun transliterasi hasil rékaman paguneman siswa.

- c. Nyieun papasingan ragam basa Sunda lisan nyoko, kana unsur léksikal nu mangrupa kecap pancén, utamana mah kecap panyeluk, kecap pananya, kecap panambah, sarta adegan morfologis, jeung campur kode.
- d. Nganalisis ragam basa Sunda lisan, nyoko kana unsur léksikal nu mangrupa kecap pancén, utamana mah kecap panyeluk, kecap pananya, kecap panambah, sarta adegan morfologis, campur kode, jeung faktor-faktor nu mangaruhan ayana campur kode nu dilakukeun ku siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang.
- e. Ngadéskripsikeun ayana ragam basa Sunda lisan, nyoko kana unsur léksikal nu mangrupa kecap pancén, utamana mah kecap panyeluk, kecap pananya, kecap panambah, sarta adegan morfologis, campur kode, jeung faktor-faktor nu mangaruhan ayana campur kode nu dilakukeun ku siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang.
- f. Nafsirkeun jeung nyindekeun ragam basa Sunda lisan, nyoko kana unsur léksikal nu mangrupa kecap pancén, utamana mah kecap panyeluk, kecap pananya, kecap panambah sarta adegan morfologis, campur kode, jeung faktor-faktor nu mangaruhan ayana campur kode nu dilakukeun ku siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang.